STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 31 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NOUVO GWOUP KAP TRAVAY NAN ESTAD LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse nominasyon Gary Ginsberg nan nouvo gwoup kap travay nan estad la. Gwoup la te travay pou eksplore opsyon pou devlopman ak konstriksyon yon nouvo estad Buffalo Bills ki pral kontinye sèvi kòm katalis nan kwasans ekonomik lwès New York.

"Nominasyon jodia kontinye angajman eta nan asire pwochen kay Buffalo Bills reprezante bezwen kominote a," Gouvènè Cuomo te deklare. "Mwen akeyi Gary kòm nouvo manm nan Gwoup Travay nouvo estad la."

Gary Ginsberg aktyèlman travay kòm Vis Prezidan Kòporayson Maketing ak Kominikasyon nan Time Warner. Anvan li te rejwenn Time Warner, Mesye Ginsberg te Vis Prezidan Global Maketing kote li te travay sou kominikasyon estratejik, zafè antrepriz ak efò filantwopik pou Time Warner. Mesye Ginsberg te egalman direktè redaksyon nan Clark & Weinstock, yon antrepriz konsiltasyon Estratejik, redaktè anchèf magazin George ak ansyen asistans konseye Prezidan Clinton. Mesye Ginsberg se natif natal zòn Buffalo, li te grandi nan Amherst. Li se yon gradye nan Inivèsite Columbia Lekòl Avoka ak Brown Inivèsite.

Mesye Ginsberg te rejwenn senk manm ki te nome anvan yo nan fevriye 2014 ki gen ladan Gouvènè Adjwen Robert Duffy, Majistra Byron Brown, Majistra Paul Dyster, Dottie Gallagher Cohen ak Kenneth Adams.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole